

*SATAN NAN DETAY YO*  
*BY*  
*MICKI MORENCY*

Anna retire soulye talon plat nwa li a epi soufle ti pousyè ki chita sou pye fè mal li yo. Li te mache depi Legliz Senjera jouk riyèl Bredi- yon wout an tè ki mennen lakay li nan tèt yon mòn k ap gade bè Pòtoprens la. Se te yon ti jès nòmal melanje ak syè, pousyè sa a ki ba w yon ti labou fen. Li fèmen zye l yo epi li fè yon gwo soupi. Lè a te bay lodè chabon, grès manje ak degoutans. Dezespwa pa li.

Tankou yon pwoblèm matematik sou tablo nan klas lekòl li, Anna te vle efase kontantman yon fanm ki fèk soti marye sou figi li. Li konnen lide a te mechan men se moun li ye, epi a trannsenkan an 1964, Anna poko marye. Li pouse dodin nan ak elan do l epi mouvman an brase chalè mwad jen an sou figi mouye l la sou balkon an.

“*Kouman maryaj la te ye ?*” Antwanèt mande pitit fi li alòs manzè sou balkon an tou akote l nan yon dodin ap vantile pil pwoblèm pa li.

“*Oke pou lamarye*” Anna jape “*Konnyè a li gen yon mari!*”

“*Tou pa w dèyè. Piti fi mwen, Bondye bon,*” Antwanèt di pandan l ap vire grenn chaplè yo nan dwèt li nan yon lapriyè wozè.

“*Kilè?*” Anna mande manman l rapid. “*Èske Bondye te di w sa?*”

“*Mwen... Ou dwe kwè tou, Anna. Ou bezwen gen kwayans nan Li tou*”

“*Mwen regret sa, manman*” Anna touché men manman l. “*M jis...santi m cho*”

Ti fèy bouch pwofesè matematik nivo sèt tèlman fen li ba l yon figi mare tout tan. Gwoponyèt nan lekòl lontan yo, eliminen tout ti souri nan vizaj Anna paske yo te kon anmède l tout tan.

Semenn apre semenn dozaj vitamin Anna bwè pou pran pwa pa mache. Li toujou wo epi mèg.

Gason Ayisyen renmen fanm yo ak liy epi koub byen klere. Anna bezwen yon bèl dòz nan toulede.

Sepandan, Rawoul ki gen trentan, yon jennjan k ap viv pou kont li nan yon kay akote a depi kèk mwa satouyèt sèvèl Anna. Men Rawoul ap kontwole jwèt la an jwè pwofezyonèl.

Semenn apre a, pandan Anna te nan famasi anfas mache piblik nan mitan sant lavil la, ap achte dènye grenn vitamin pou pran pwa, yon vye granmoun rantre epi li kenbe men Anna, apre li vire plan men yo yon fason pou l wè yo byen.

“*Mwen kapab ede w, pitit mwen,*” granmoun lan di l ak yon vwa grav.

“*Ede m ak kisa? M pa menm konnen w,*” Anna di pandan l rale men l nan pa granmoun lan.

“*Bon, èske w vle Rawoul damou w fou osinon w pa vle?*”

“*Kisa w ap di m konsa? Gen lè w pa byen nan tèt,*” Anna mache a kote granmoun lan pou l ale fè rout li. Boul je l vire fè wonn anndan famasi ya pou l sèten pa gen lòt moun ki tande ansyen awouya a.

“*Pase bò simtyè a demen swa a minui, pa anvan ni apre. Pote kalson Rawoul banmwenn Anna.*” Granmoun kite boutik la tankou yon kout zeklè. Laperèz fòse Ana kite famasi a san remed la. Kouman granmoun lan fè konnen non li ak ti sekre li? Anna pa janmen kontre granmounn lan avan. Grandi ann Ayiti, Anna te konn tande anpil istwa konsa sou zafè voodoo, kout poud ak move zè. Men, Anna te edike ann Ayiti kifè li pa ta sipoze kwè nan radòt konsa. Osinon li ka kwè?

Kon li rive lakay li, Rawoul te chita sou balistrad la an chemizèt ap li jounal jou sa a. Rawoul souse yon moso kann byen sikre jis dlo kann lan koule bò bouch li mouye babin li. Misk yo ki sou lestomak li byen klere anba solèy la. Yon ti liy syè glise desann sou vant plat li avan li rentre anba bouk sentiwon li. Anna niche pwent bouch sèk li yo epi mode fèy bouch anba a. la. Lapoula

li konnen li ta prale nan *randevou* a menmsi se pou li ta bay satan nanm li. La pe fe Manzè ri fòdi se chabon bwa gayak toulimen k ap pete. Apre soupe jou annapre a, an pasan pa pòt dèyè a, Anna fonsè lakay Rawoul sou kote a. Dabitid, Rawoul toujou chita sou balistrad li, ap kabicha ak journal la sou figi li. Chak fwa li respire journal la monte-desann sou figi l avek chak souf. Anna mache toupiti rantre nan chanm fè nwa Rawoul la epi pwent pye l frappe pye kabann lan. Li vale rèl doulè a jiskaske twoub vizyon li vin klè. Li mache nan direksyon tiwa cabinet lwen nan kwen adwat chanm lan. Kon li pral lonje men li pou l louvri premye tiwa cabinet la li tande kri bri pòt devan an k fèmen.

Anna kouri kache dèyè yon rido long epi fè ti kout je gade pandan l dèyè rido chaje ak pousyè a. Lamenn lestonmak li tanmen gonfle pou l etènye. Li peze de tounen li yo byen di. Rawoul vini rantre epi kanpe nan pye kabann lan. Li pran yon gwo kout souf. Lodè deyodoran Anna a, “Byenèt” dlo twalèt manzè plen chanm lan.

Yon ekspresyon dwòl parèt sou figi li. Li louvri pòt dèyè a epi jete yon kout je nan nwasè lakou a pou l wè. Li klete pòt la pa anndan. Li pran radyo tranzistò l ki te sou tabdenuit la epi retounen dodinen sou balistrad la.

Anna lage yon kout souf pandan l tande bri pye Rawoul ki prale epi li tande bri pòt devan an ki fèmen. Li pran yon kalson ble syèl Rawoul epi jete l an silans pa pòt li te rantre nan kay la. Rawoul pral fè move rèv tout lannuit chache konprann kouman pòt dèyè lakay li ta fè rete louvri alòs li te klete li pa andedan.

Kèlke zè pita, abiye ak yon rad nwa manch long, Anna fonn nan fè nwa a kite lakay li. Yon ti pake nwa anndan yon ti bwat sekre anba sezèl li sere lavni li.

Reyon limyè lalin lan pèse fè nwa lannuit lan. Lonbraj gran pye bwa yo ak bwanch yo kwaze ak fèy yo ap danse sou pil gwo wòch tou pre baryè simityè a. Silans lan fè eko nan sèvèl

anboulatche Anna. Li souri lè l sonje kouman ironi doktrine kretyen li te aprann makònen kwayans li tandis ke kolon yo ta vle fè li konprann pou li ta voye voudou jete. Relijyon zansèt li yo. Rasin li. Konnyè a non sèlman li kwè, epitou li nan wout pou l rantre nan reyalite a. Li te kanpe nan pa pòt simtyè a e kon premye son an frappe li mache nan direksyon tonm papa li e granmoun fanm lan te kanpe la deja. Granmoun lan lonje men li pou l pran ti sache a. Konsa Anna lonje l ba li.

“*Kouman w rele....?*” Anna te koumanse mande l.

“*Shhh...!*” granmoun fanm lan di byen ba ak dwèt li sou bouch li pentire tou nwa.

Ti kò chèch granmoun nan balanse andan wòb long desinen nan tout koulè lakansyèl.

Yon gwo chapo plat sou tèt li kouvri yon bon pati figi li.

Chèdpoul gwosè yon grenn pistach kouvri kò Anna e li te fè cho. Van tap soufle tankou l tap envite lespri yo pou vin wè ak dezye l inisyasyon Anna. Granmoun fanm lan woule atè a. Chapo a tonbe soti sou tèt li epi cheve gri l yo ranmase fèy sèch tankou bwòs plim len.

Lamenm li chita epi li koumande Anna pou l vin pi pre. Bra dwat li a soti tankou lang yon koulèv kap teste lè a epi ak rapidite li koupe yon branch cheve nan tèt Anna.

Lapoula, atè a tranble fò anba pye Anna epi l pete rele san l pa konn sa k ap pase. Li ranje pye l pou l pete kouri. Granmoun fanm lan ponnyen l sou zepòl li yo epi peze l ak yon fòs pou mete nanm Anna sou li.

“*Mwen vle ale lakay mwen.*” Anna kriye, e li realize finalman ke rele yo te soti nan gòj li telmen li anwe.

“*Non mwen se Gardenya.*” Li lonje yon ti boutèy ja ba Anna. “*Mete On ti kantite lapousyè sa a chak jou sou tete dwat ou. Epi tann.*”

“*Kisa? Èske w di tete dwat mwen?*” Anna mande ak sezisman.

Gardenya dekole epi vole ale pandanke l ap fè babay ale ak zong dwèt long li yo. “*Ale, pitit.*”

“*Hmm..Konbyen kòb mwen dwe w, mis Gardenya?*” Anna mande.

“*W ap konnen lò lè a rive, Ti Cheri,*”. E tankou yon etwal ki file, li disparèt nan lannuit la.

Twa jou pita, Rawoul depose papyè jounal li epi tonbe gade Anna depi sou balistrad li a. “*Ay Anna.*”

“*Ay, Rawoul. Ou anfòm?*” Tété dwat la danse.

“*Yaa.*” Li reponn ak tèt li bese on bò pou l byen wè Anna. “*Jodi a m wè w trè bèl.*”

“*Bèl. Rawoul! Èske w di m bèl ....hmm... Bèl?*” Anna sezi. Figi zo li a detire nan yon souri. Yon tikras dout bouche je Rawoul. Li sekwe tèt li tankou pou l netwaye filareye. “*Wi. Mwen wè w bèl, Anna.*”

Sou trèzyèm jou a, Rawoul mache sou Anna epi li envite manzè pou yo ale nan sinema. “*Poukisa mwen pa te janmen fè sa anvan?*” Rawoul mande li byen sezi.

“*Se pa you pwoblèm Rawoul. Ou mande m jodi a.*” Anna pran men misye epi li ale avèk li anndan kay la. Yon mwa apre Rawoul ak Anna fyanse.

Anna prèske pa te gen poud ankò e li pa konnen ki kote pou l ta kontre Gardenya pou mande li plis. Yo rete lakay manman Anna apre yon maryaj san gran panpan. Boutèy poud la te vid.

Twa mwa papase Anna vin ansent prèt pou l pete ak lanmou pandan tout ti jwenti ang ak koub kò li vin plen.

Viktò vini konplete lafanmi an. Rawoul kouri vin lakay li chak jou apre travay, kontan pou li jwe ak pitit gason ni epi fè lanmou ak madanm ni. Yon lane annapre, pandan l nan wout pou lakay li apre yon vizit doktè, Anna pase nan famasi a pou l achte yon antibyotik doktè preskri li pou yon enfeksyon nan zòrèy Viktò. Gardenya parèt bridsoukou kòm si l te pèse mi a. Anna tèlman sezi li rete rèd li rele epi kole pitit gason ni sere sou li. Li seye fè wonn Gardenya.

*“No, no, no, bèl manman. M vin sèlman pou di w kisa ou dwe m,”* Gardenya di.

*“Oh! Mwen...pa gen anpil lajan avèk mwen konnyè a, men M kapab pote lajan pou w demen.”*

Anna repon.

*“Mwen pa vle lajan w.”* Li ri ak tèt li balanse devan, dèyè, pandan l ap vire men l yo an won sou tèt li tankou yon manivèl.

Vant Anna vin tankou wòch. Li fè yon mouvman ale dèyè. *“Epi....Kis...Kisa ou vle menm?”*

Gardenya lonje dwèt li sou Viktò. *“Limem”*. Je fon li yo vin vivan e fikse sou nanm Anna.

Anna kilbite, kouri soti nan fanmasi a. Viktò byen sere nan bra li. Li kenbe l byen di.

*“Èske Viktò anfòm? Kisa doktè a te di? Ou sanble yon moun ki sot wè yon zonbi”* Rawoul kouvri l ak kesyon sa yo.

*“Viktò anfòm, Rawoul,”* Anna renmèt li ti bebe a, *“ M...men, mwen pa santim byen. Mwen bezwen fè yon ti kouche.”*

Nan chanm li, Anna lage l sou jenou l yo, tèt li sere nan men l yo kap sekwe. Li tonbe priye tout pouvwa yo. BonDye Kretyen lè l te toupiti, Legba zansèt li yo te pote sot an afrik, Èzili, manman yout ti moun.

Nan Ayiti, kiyès nan dye yo ki gen pouvwa sove lavi? Anna kanpe epi limen 2 balèn. Yon nwa ak yon blan. Ankake.

Tèks- Miki Morency  
Tradiksyon: Gary S. Daniel  
Oktòb 2017